

RINGKESAN

Panalungtikan ieu miboga tujuan pikeun nganalisis makna tanda kanyaah antara bapa jeung anak dina film *Miracle in Cell No. 7* versi Indonesia ngagunakeun analisis semiotika Roland Barthes. Fokus panalungtikan diarahkan kana makna denotatif, konotatif, jeung mitos anu aya dina tanda-tanda visual jeung verbal anu ngagambarkeun hubungan bapa jeung anak dina eta film.

Metode anu digunakeun nyaeta metode kualitatif kalayan pendekatan semiotika Roland Barthes. Teknik ngumpulkeun data dilakukeun ngaliwatan observasi kana adegan-adegan anu ngandung gambaran kanyaah bapa jeung anak, dokumentasi, sarta studi pustaka. Data dianalisis dumasar kana tilu tingkatan makna nyaeta denotasi, konotasi, jeung mitos.

Hasil panalungtikan nunjukkeun yen dina tingkat denotatif, film ngagambarkeun rupa-rupa interaksi antara bapa jeung anak ngaliwatan panyalindungan, perhatian, pangorbanan, kabersamaan, jeung pangrojong emosional. Dina tingkat konotatif, tanda-tanda eta ngagambarkeun kanyaah anu tulus, satia, jeung tanpa sarat ti saurang bapa ka anakna sanajan keur nyanghareupan rupa-rupa kakurangan jeung kateuadilan. Sedengkeun dina tingkat mitos, film ngawangun pamadegan yen bapa mangrupikeun sosok panyalindung, pananggung jawab, sarta sumber kanyaah anu miboga peran penting dina kahirupan anak. Mitos eta saluyu jeung ajén budaya masarakat Indonesia anu ningali bapa minangka lambang pangorbanan, katangguhan, jeung kanyaah kulawarga.

Kasimpulan tina ieu panalungtikan nyaeta yen film *Miracle in Cell No. 7* versi Indonesia henteu ngan ukur jadi media hiburan, tapi oge ngarepresentasikeun ajén-ajén kamanusaan jeung kulawarga ngaliwatan tanda-tanda anu ngawangun makna kanyaah antara bapa jeung anak.

Kecap Galeuh: Semiotika Roland Barthes, Film, Kanyaah Bapa jeung Anak, Denotasi, Konotasi, Mitos.